

Pwosesis revizyon rechèch ki soti nan kominote yo

Rezime Rechèch SoCap - Vèsyon Kreyòl
No. 2, Jiyè 2025

Pwen Kle

Pwosesis revizyon rechèch ki soti nan kominote ke an anglè nou rele Community-based research review processes (CRPs) se yon fòm revizyon etik ki fè kominote yo patisipe nan yon pwosesis rechèch nan yon fason ki pi siyifikatif.

Nan kad CRPs, kominote yo aktivman patisipe nan fòm ak revize pwosesis rechèch la. Objektif CRPs yo se diminye domaj, ranfòse responsabilite, asire ke kominote yo benefisye nan rechèch la, epi bay kominote yo pouvwa pou detèmine ki pwojè rechèch yo dwe fèt. Yo ka pran diferan fòm, an pati selon egzistans ak fonksyonalite sistèm revizyon enstitisyonèl lokal yo, epi yo ka toujou sèvi kòm yon konpleman enpòtan pou revizyon enstitisyonèl fòmèl yo.

CRPs mande pou rekonèt klèman diferan fòm konesans, epi pou chèchè yo angaje yo nan yon patenarya siyifikatif ak kominote yo.

Bon pratik enpòtan yo enkli angajman pou fè difizyon aksesib ki asire ke kominote yo ki patisipe nan rechèch la posede tout rezilta yo nan yon fason siyifikatif. Sa mande pou planifye tout sik lavi pwojè a, pa sèlman konsepsyon ak koleksyon done.

Difikilte komen ki ka rive nan CRPs yo enkli: 1) Difikilte pou garanti konsantman enfòmè kontinyèl; ak 2) Dezekilib nan pouvwa pou pran desizyon ak aksè a resous ant chèchè yo ak kominote yo.

Fè konsyans de difikilte sa yo epi pran mezi pou atenye yo nan etap konsepsyon an ak pandan tout pwojè a ka ede sipòte rechèch ki pi etik ak ki gen plis sans.

KISA PWOSESIS REVIZYON RECHÈCH KI SOTI NAN KOMINOTE A YE?

Pwosesis revizyon rechèch ki soti nan kominote a (CRPs) se yon fòm revizyon etik ki fè kominote yo patisipe nan santral rezèch la, menm kote yo ap fè rechèch la. Yo reprezante yon apwòch altènatif oswa konplemantè pou pwosesis revizyon etik enstitisyonèl tradisyonèl yo. Apwòch tradisyonèl pou revizyon etik yo anjeneral fèt nan inivèsite oswa enstiti rechèch, souvan byen lwen kominote yo ki afekte dirèkteman epi ki patisipe nan rechèch la.¹

CRPs yo fè pati yon pakèt apwòch rechèch patisipatif, ki konsidere kominote yo kòm ajan pou chanjman, ki mete aksan sou lefèt ke chèchè yo ta dwe chèche kolaborasyon ak patenarya ak kominote yo olye pou yo fè rechèch sou oswa nan kominote yo. Apwòch rechèch patisipatif envite chèchè yo ak kominote yo ko-kreye, ko-fasilite, ko-analize, ak ko-pataje rezilta rechèch la.² Apwòch patisipatif yo ka kontribye nan abòde dinamik pouvwa istorik ak ki egziste deja, epi finalman chanje dezekilib.

CRPs gen yon wòl espesifik nan rechèch patisipatif pou revize plan rechèch yo pwopoze, detèmine si yo apwopriye ak konpatib, deside si yon pwojè patikilye ta dwe resevwa apwobasyon kominote a pou kontinye, epi kenbe chèchè yo responsab pou travay yo ak kominote yo.

CRPs gen twa objektif prensipal:

1. Asire ke rechèch la enpòtan e benefisyè pou kominote yo;
2. Sipòte “yon vwa kominote ki pi fò nan detèmine ki etid apwouve”; epi
3. Fasilite opòtinite pou “renfòsman kapasite” ak kolaborasyon rechèch ki dirab.³

Gen twa kalite prensipal CRP yo:

1. Gid jeneral pou rechèch:

Gen kèk CRP ki etabli gid kominote ki pèmanan. Sa yo se “dokiman ki devlope pa, avèk, oswa pou kominote yo pou dekri konduit etik oswa fason pou fè rechèch.”⁴ Yo souvan dire pi lontan pase lavi yon etid oswa pwojè rechèch endividyèl. Sa ka patikilyèman enpòtan nan kominote ki “souvan fè rechèch” kote yo te fè anpil etid, souvan ak yon posasyon kominote ki limite.⁵

2. Gid revizyon fòmalizè:

Gen kèk CRP ki pran fòm konsèy revizyon kominote. Sa yo sanble ak konsèy revizyon enstitisyonèl (IRB) tradisyonèl yo, men yo revize espesyalman pwojè ki enplike yon kominote patikilye, mete aksan sou priyorite rechèch kominote sa a.⁶ Sa enplike etabli yon komite revizyon soti nan kominote a ki revize pwojè rechèch ki chèche angajman yo. Yo vize asire konpatibilite ak priyorite kominote a ak preferans patisipasyon.

3. Konsèy Gid espesifik pou pwojè:

CRP yo pafwa pran fòm Konsèy kominote. Sa yo anjeneral etabli pa yon enstitisyon espesifik oswa yon sibvansyon rechèch aprè yo fin jwenn finansman.⁷ Yo konsantre sou rekrute patisipan, revize pwopozisyon rechèch, patisipe nan sensibilizasyon ak plèdwaye nan kominote a, epi sèvi kòm yon pon ant pwojè rechèch espesifik la ak kominote a.

Pandan ke apwòch konvansyonèl nan revizyon etik yo souvan lwen kominote yo ki afekte dirèkteman pa, epi ki enplike nan, rechèch, pwosesis revizyon rechèch ki baze sou kominote a (CRPs) se yon fòm revizyon etik ki santralman enplike kominote ak ki moun yo ap fè rechèch.

1. Glass and Kaufert, 2007; Brunger and Bull, 2011; Cross, Pickering and Hickey, 2015.

2. Kwan and Walsh, 2018; Shore, 2007, p. 32; Cross, Pickering and Hickey, 2015, p. 1008; Chambers, 1994.

3. Shore et al., 2011, p. S362.

4. Doerksen et al., 2024, p. 8.

5. Koen, Wassenaar and Mamotte, 2017.

6. Doerksen et al., 2024.

7. *Ibid.*

POUKISA CRP YO BENEFISYE?

CRP yo enpòtan pou senk rezon prensipal:

1. Patisipasyon nan konsepsyon:

CRP yo ede asire plis reprezantasyon kominote nan revizyon ak apwobasyon pwojè rechèch. Nan apwòch tradisyonèl pou revizyon etik, konsèy enstitisyonèl yo revize ak apwouve rechèch ki planifye, potansyèlman nan yon lòt peyi oswa kontinan kote rechèch la ap fèt tout bon. Manm kominote a kote rechèch la ap fèt souvan pa gen okenn oswa ti vwa sou ki rechèch ki fèt, ki jan li konsepsyone ak aplike, ak ki moun ki patisipe. CRP yo ka ede adrese dezèkilib sa a,⁸ epi fè chèche yo responsab devan kominote yo.

2. Pwoteksyon ak minimizasyon domaj:

CRP yo ka ede minimizasyon domaj ak risk pou kominote ki kolabore nan rechèch la. Patisipasyon kominote a enpòtan pou pwoteje ak pwoteje dwa ak byennèt kolaboratè kominote yo. Sa patikilyèman enpòtan lè rechèch la ka enplike sijè sansib oswa tabou, risk traumatize oswa malmennen patisipan yo, oswa mete yo nan risk reprezay oswa eksklizyon nan kominote yo. Chèche ekstèn yo ka pa konprann risk sa yo byen oswa ki jan pou atenye yo. CRP yo ta dwe vize etabli mekanis kontwòl pou asire responsabilite ak minimizasyon domaj.⁹

4. Rekonèt epi sipòte ekspètiz kominote a:

Apwòch rechèch patisipatif an jeneral mande pou rekonesans divès fòm ekspètiz, ak yon angajman pou ko-kreye konesans. CRP yo ka ede ranfòse kapasite rechèch nan kominote kote etid yo fèt. CRP yo ka ankouraje oswa egzije investisman nan fòmasyon pèsònèl rechèch nan yon fason ki sipòte kapasite yo pou jwenn finansman rechèch dirèkteman, epi patisipe, antreprann, ak dirije pwojè.¹¹

5. Fezabilite:

Angajman kominote ki siyifikatif ak sipòtè atravè pwosesis CRP yo ka sipòte aplikasyon ak operasyon kouri san pwoblèm nan pwojè rechèch, lè yo idantifye baryè oswa rezistans nan patisipasyon, epi ankouraje apwòch etik pou simonte sa yo.

CRP yo ka patikilyèman itil nan kontèks rechèch ki afekte pa konfli, apre konfli, ak nan kondisyon ensèten. Nan kontèks sa yo, 1) ka pa gen lwa nasyonal ki etabli sou etik rechèch, ak sa ki egziste ka fèt sou baz ad hoc, fonksyone sèlman de tan zan tan, oswa sibi entèferans; e 2) yo ka sib enflyans rapid nan faktè anviwònman, politik, ak sekirite ki ka afekte fason yon pwojè rechèch ap fèt.¹²

CRP yo ka ede minimize domaj ak risk pou kominote kolaboratè ki enplike nan rechèch la, epi pwoteje dwa ak byennèt kolaboratè kominote yo.

3. Proprietè rezilta:

CRP yo ka etabli gid oswa egzijans pou asire ke rezilta rechèch la pataje nan yon fason ki siyifikatif, aksesib e etik.¹⁰ Menm lè rechèch la konsepsyone ak aplike nan yon fason etik, etid yo ka echwe pou yo kominike ak pataje rezilta rechèch la nan yon fason ki siyifikatif pami patisipan yo ak kominote yo pi laj, pandan ke lòt moun ka fè sa nan yon fason ki pa apwopriye oswa ki pa sansib, sa ki menm ka leve enkyetid etik. Sa ka limite itilite rechèch la nan kominote kote li gen pi gwo enpak potansyèl, epi nan kèk ka, menm konstitye yon pratik rechèch ki pa etik.

Lè sa posib, CRP yo ta dwe sèvi kòm yon apwòch konplèmantè pou tout pwosesis revizyon etik fòmèl ki disponib, tankou revizyon enstitisyonèl entènasyonal kote li disponib, pou sipòte pi gwo angajman kominote.

8. Shore et al., 2015.

9. *Ibid.*

10. *Ibid.*

11. *Ibid.*

12. Tapscott and Machón, 2024.

KI ETAP KI ENPLIKE NAN KREYE AK ANTREPRANN PWOSESIS CRP A?

Kote yon òganizasyon CRP pa egziste deja, etap ki anba yo ka swiv pou sipòte etablisman li nan mitan kominote a ak wòl li nan yon pwojè rechèch. Nan rezime sa a, nou konsantre prensipalman sou wòl CRP yo nan konsepsyon ak revizyon pwojè ki pwopoze, epi nou ankouraje lektè yo angaje yo ak pi laj gid sou apwòch patisipatif pou aplikasyon pita, difizyon, ak plis ankò.

Kote li disponib, chèchè yo ta dwe itilize analiz kontèks ak konfli ki egziste deja, ansanm ak gid espesifik sou sansiblite konfli ak mezi “pa fè mal”. Chèchè yo dwe tou konsilte aktè lokal ki fyab ki idantifye nan pwosesis sa a pou jwenn konpreyansyon sa a pou evite efè negatif nan yon pwosesis etabli avèk entansyon.

Yon konpreyansyon pwofon sou dinamik pouvwa kominote a enpòtan anpil, paske si yo pa pran sa an konsiderasyon, pwosesis ki soti nan kominote a ka gen patipri oswa pa kòrèk, e rechèch la ka finalman pa soti byen.

Idantifye ki moun “kominote a” ye.

Anvan angaje yo nan pwosesis rechèch la, li esansyèl pou klèman etabli ki moun ki fè pati kominote a. Definisyone kominote a, ak ki moun pou apwoche kòm reprezantan kote pa gen CRP aktyèlman, ap depann de kesyon rechèch laj ke etid la vle adrese.

Sou yon nivo pratik, chèchè yo ta dwe konsidere, pami lòt faktè ki enpòtan:

1. *Kote* – Èske kominote a defini jeyografikman kòm yon vil, bouk, katye, oswa zòn?

2. *Moun* – Ki moun ki fè pati kominote enterese a an tèm de gwoup kle oswa demografi?

Pi fondamantalman, chèchè yo bezwen tou konsidere ak anpil atansyon:

3. *Pouvwa* – Ki moun nan kominote a gen otorite ak pouvwa nan pran desizyon; ki moun ki marginalize, souvan fè rechèch sou yo, ak/oswa tradisyonèlman ekskli nan pran desizyon; ak ki etap yo ka pran pou asire ke angajman kominote a enklizif e reflekte dinamik sa yo? Kesyon pouvwa a enpòtan anpil epi mande anpil atansyon. Yon konpreyansyon pwofon sou dinamik kominote a esansyèl, konsideran risk pou pwosesis ki soti nan kominote a gen patipri oswa patisiyèl si yo pa pran an konsiderasyon, e pou rechèch la finalman fè mal.

Etabli dyològ.

Anvan rechèch la kòmanse, reprezantan kominote yo ak chèchè yo ta dwe angaje yo nan echanj ki eksplòre

1) Kisa kominote a panse yo ta dwe mete aksan sou nan yon revizyon kominote?; 2) Ki jan yon revizyon kominote ta dwe diferan de yon revizyon enstitisyonèl?¹⁴

Pou reyalize sa, CRP a ta dwe etabli yon platfòm pou dyològ ant chèchè, gwoup kominotè, ak patnè rechèch “sou konsepsyon etid la, bezwen kominote a, ak prensip etik ki baze sou konduit responsab nan rechèch.”¹⁵

Sa vle di òganize reyinyon regilye oswa fowòm diskisyon ak reprezantan kominote a pou diskite sou aspè kle pwojè a (tankou konsepsyon pwojè, aplikasyon, ak rezilta). Feedback ki soti nan reyinyon yo ta dwe anrejistre atravè pwòtokòl reyinyon oswa lòt fòm achiv (tankou anrejistreman odyo ak konsantman moun ki patisipe) epi entegre yo nan konsepsyon pwojè a ak rezilta yo.

13. Cross, Pickering and Hickey, 2015, p. 1008; Key, 2017, p. 991.

14. Brunger and Bull, 2011.

15. Cross, Pickering and Hickey, 2015, p. 1012.

KI ETAP KI ENPLIKE NAN KREYE AK ANTREPRANN PWOSESIS CRP A? (KONTINYE)

Konsidere si rechèch pwopoze a apwopriye.

Nan revizyon rechèch, manm CRP yo ta dwe konsidere kesyon sa yo:¹⁶

1. Èske rechèch pwopoze a aliyen ak priyorite rechèch kominote nou an?
2. Èske kominote a gen kapasite pou patisipe nan rechèch sa a kounye a ak pandan tout lavi pwojè a? Èske resous kominotè yo – ki gen ladan tan, ekspètiz ak kontribisyon – deja angaje oswa twòp nan lòt inisyativ oswa pwojè rechèch?
3. Ki risk rechèch pwopoze a ka fè mal, oswa lakòz konsekans inatandi (pozitif ak negatif) nan kominote a, epi ak ki moun?
4. Ki benefis rechèch pwopoze a ka pote pou manm kominote a, epi ki moun ki ta afekte?

Idantifye mezi pou minimizasyon baryè pou patisipasyon siyifikatif.

Patisipasyon fò kominote a, tou de nan rechèch la ak nan CRP a, nesèsèman kreye demand sou tan manm kominote yo, epi tout manm yo pa nesèsèman kapab patisipe egalman ak konplètman. CRP a ta dwe konsidere ki baryè ki ka anpeche patisipasyon siyifikatif nan tout gwoup yo, epi ki ankourajman apwopriye ak sansib kiltirèl pou simonte sa yo nan pwosesis revizyon an. Nan konsiderasyon resous, CRP a ka konsèye sou mezi ou ensitasyon apwopriye pou mete lajan nan bidjè pou depans, vwayaj, manje, swen timoun, pami lòt depans ki nesèsè pou kominote sa a.¹⁷ Yo ta dwe adopte yon bidjè fleksib pou konsidere stipe ak depans ki enpòtan pou kominote a pou fè rechèch la.

CRP yo ka tou konsèye sou apwopriyete ak aksè enfòmasyon, konsantman, ak materyèl pwojè ki ka otreman anpeche oswa limite patisipasyon kominote a. Pou egzanp, CRP a ka ko-devlope yon lis tèm kle pou itilize lè yo diskite rechèch la ak kominote yo pou asire sansiblite kiltirèl ak aksè nan kominikasyon rechèch la.

Manm CRP yo ta dwe konsidere si rechèch yo pwopoze a aliman ak priyorite rechèch kominote yo tabli. Kiyès ki gen chans pou benefisye, e ki potansyèl pou mal?

16. Adapted from Brunger and Bull, 2011, p. 138.

17. Shore et al., 2015, p. 1297.

KI BON PRATIK ÒGANIZASYON YO AK CHÈCHÈ YO TA DWE SWIV?

CRP efikas mete aksan sou pataje benefis, pataje resous, transparans, konstriksyon relasyon, ak konfyans mityèl nan fason sa yo:¹⁸

Analiz ak konpreyansyon pwofon sou kontèks:

Konprann ke kominote yo konplèks, ak pwòp nòm entèn ak dinamik pouvwa yo. Yo dwe apwoche sa yo san yo pa idealize ni minimize valè yo nan pwosesis revizyon rechèch la.

Yon konpreyansyon pwofon ak nuanse nan kominote a dwe prezide angajman nan tout pwosesis revizyon kominote pou evite konsekans inatandi, espesyalman lè yo etidye marginalizasyon ak sijè sansib ki gen potansyèl pou gen divès enpak sou kominote yo. Sa ka reyalize pa konsilte ekspè lokal ki fyab ak aktè pou asire ke premye etap idantifikasyon ak otorizasyon vwa nan kominote a nan pwosesis revizyon an fèt ak atansyon.

Konstriksyon relasyon ak konfyans mityèl:

Etablisman konfyans mityèl mande yon angajman alontèm nan patenarya ak konstriksyon relasyon ant chèchè yo ak kolaboratè kominotè yo nan plizyè fason:

1. Depi nan konmansman an, angaje ak aktè kle ki gen relasyon alontèm ak kominote yo, ki gen konfyans manm kominote a, epi ki gen bonjan konesans kontèks ka sèvi kòm pwen depa pou yon kolaborasyon siyifikatif.
2. Konstriksyon konfyans enplike “apran kominike atravè diferans” – pa sèlman diferans lang, men tou diferans sosyoekonomik, jeyografik, ak metodolojik ant pati ki enplike yo.¹⁹
3. Kenbe kontak regilye, entegre opòtinite pou feedback ak swiv konsekans, mete konesans kominote a nan sant, ekspriye yon enterè otantik nan byennèt kominote a ak respè pou kilti, tradisyon, ak fòm pwodiksyon konesans yo se tout faktè kle ki enpòtan pou konstriksyon konfyans mityèl.

4. Finalman, adopte osi fleksib ke posib nan konsepsyon ak apwòch rechèch la se tou esansyèl pou konstriksyon konfyans mityèl.²⁰

Pandan chèchè yo souvan sibi kad tan fikse oswa relativman enfleksib ki fikse pa finansè oswa pou rezon lojistik, lè sa posib, kad tan ak planifikasyon yo ta dwe fleksib, epi enkli kontenjan si plis tan nesèsè. Pandan chèchè yo nesèsèman fè fas a kontrent, li enpòtan pou mete aksan sou pwèn sa a paske efò ki te fèt pou konstwi kwayans mityèl la ka seryezman konpwomèt si, pou egzanp, plan rechèch yo pa fleksib ase pou pèmèt tan pou anpeche, konprann, ak adrese pwoblèm si yo rive.

Pouswiv refòm enstitisyonèl alontèm:

Chèchè yo ta dwe tou pouswiv chanjman ki dirab ki adrese dezekilib sistèmik nan pwosesis etik rechèch tradisyonèl yo, kòmanse nan pwòp enstitisyon yo. Anpil nan baryè pou pwosesis revizyon etik ki pi enklizif yo se estriktirèl nan nati.

Chèchè yo ka antreprann mezi sa yo pou amelyore estanda etik pou rechèch ki soti nan kominote a: 1) Dokimante aprantisaj ki soti nan CRP yo; 2) Sipòte echanj sou CRP yo ak pwosesis etik rechèch nan enstitisyon lakay yo; 3) Idantifye opòtinite pou CRP yo gen yon vwa nan fason pwosesis enstitisyonèl yo fonksyone; 4) Fasilite aksè nan opòtinite finansman pou CRP yo atravè kanal enstitisyonèl.²¹

Chèchè yo ka tou echanje enfòmasyon sou reyalite pratik nan fè rechèch etik ak angajman kominote siyifikatif, epi itilize egzanp bon pratik pou plede pou apwòch enklizif ak patisipatif nan pwosesis etik enstitisyonèl ki ka pa abitye, oswa ki opoze, ak apwòch sa yo.²²

18. Buchanan et al., 2008; Brunger and Bull, 2011; del Campo et al., 2013; Cross, Pickering and Hickey, 2015; Kwan and Walsh, 2018.

19. Cross, Pickering and Hickey, 2015, p. 1015.

20. Ibid, p. 1016.

21. Flicker et al. 2007; Shore et al., 2011.

22. Kwan and Walsh, 2018.

KI DEFI, PIÈJ AK ERÈ KOMEN YO EPI KI JAN POU EVITE YO?

Dinamik pouvwa andedan kominote a.

Kominote yo pa omojèn, epi diferan manm, aktè ak gwoup gen souvan enterè ak valè diferan. Diferans sa yo ka koresponn ak dinamik pouvwa ak inegalite ki egziste deja, epi fòmè priyorite rechèch diferan manm yo. Pou egzanp, rechèch sou inegalite edikasyonèl oswa aksè gwoup marginalize yo nan swen sante ka menase estati quo a epi ka opoze pa gwoup dominan yo, pandan ke minorite nan menm kominote a ka akeyi li.

Chèchè yo ta dwe konsidere ak anpil atansyon pwoblèm potansyèl abi pouvwa lidèchip ak kontwòl lè yo konsidere ki jan CRP yo revize ak apwouve rechèch pwopoze a.²³ Pa gen gid inivèsèl pou navige konpleksite sa yo, men envesti tan ak resous pou konprann dinamik kominote a ak kesyon pou sansiblite konfli, ansanm ak ekspètiz aktè fyab, ka ede chèchè yo evite repwodui oswa apwofondi inegalite ki egziste deja.

oswa ki ta ka gen yon pi bon konpreyansyon li atravè diskisyon ak lòt manm kominote a, ka santi yo pa kapab poze kesyon oswa defye chèchè yo, espesyalman kote gen yon dezekilib pouvwa ant ekip rechèch la ak kominote a.

Apwòch ki chache konsantman nan plizyè nivo, ak nan plizyè etap, ka ede chèchè yo navige sa a.²⁶ Kwan ak Walsh bay anpil egzanp chèchè ki chache konsantman nan kominote yo kolektivman, ak endividyèlman, epi ki revize kesyon an repete pou asire konsantman kontinyèl.²⁷ Asire ke patisipan yo konnen tou e yo santi yo alèz pou egzèse dwa yo pou retire tèt yo ak kontribisyon yo nan etid la ak nenpòt limitasyon sou sa – tankou kad tan kote rezilta yo ap pibliye – ka ede tou asire ke konsantman an siyifikatif e egzèse aktifman.

Kominote yo pa omojèn epi diferan manm, aktè ak gwoup gen souvan enterè ak valè diferan. Pou egzanp, rechèch sou inegalite edikasyonèl oswa aksè gwoup marginalize yo nan swen sante ka menase estati quo a epi ka opoze pa gwoup dominan yo, pandan ke minorite nan menm kominote a ka akeyi li.

Asire konsantman vrèman enfòmè.

Asire konsantman enfòmè siyifikatif, epi sekans pwosesis pou chache konsantman soti nan kolektif la rive nan nivo endividyèl, se defi kle ak entèrelasyon ki ka leve nan CRP yo. Yon kote, nosyon dwa kolektif ak konsantman kominotè a ka rezone pwofonman ak kèk kominote, byenke apwòch sa a pa aliyen ak pwotokòl etik rechèch tradisyonèl yo, ki gen tandans mete aksan sou konsantman endividyèl ak konsiderasyon risk pou endividi yo.²⁴

Konsantman kolektif ka leve tou pwoblèm ki gen rapò ak diferan risk ke kominote a kolektivman ka fè fas, konpare ak risk pou (diferan) patisipan endividyèl yo.²⁵ Yon lòt kote, chache konsantman endividyèl sèlman ka vle di ke patisipan ki gen kesyon sou rechèch la,

Dinamik pouvwa chèchè-kominote.

Dezekilib pouvwa ant chèchè yo ak kominote a se yon lòt defi pou konsidere pou CRP yo. Sa ka enkli diferans nan pouvwa pou pran desizyon, orijin sosyoekonomik, aksè nan resous enstitisyonèl, benefis finansye, ak benefis pwojè ant chèchè yo ak kolaboratè kominote yo. Etid yo souvan pa reflekte ase sou inegalite ki te egziste deja ak enpòtans distribisyon egal nan bidjè ak resous lè yo konsepsyone ak aplike pwojè rechèch.²⁸ Pou egzanp, CRP yo mande pou reflechi sou ki jan navige diferans nan benefis finansye ant manm ki peye ak volontè nan pwojè a.²⁹ Etid CRP yo ta dwe konsidere angaje yo nan diskisyon transparan ak ouvè sou “defi pou reyalize yon patenarya egal”, epi yo ta dwe ouvè pou “negosye dinamik pouvwa”, tankou redistribisyon resous ak benefis pwojè.³⁰

23. Glass and Kaufert, 2007.

24. *Ibid.*; Shore et al., 2011.

25. Key, 2017, p. 995.

26. Kwan and Walsh, 2018, p. 379.

27. *Ibid.*

28. Flicker et al., 2007, p. 485; Kwan and Walsh, 2018.

29. Flicker et al., 2007.

30. Kwan and Walsh, 2018, pp. 370, 376.

BIBLIYOGRAFI

Brunger, F. and Bull, J. (2011) 'Whose Agenda Is It? Regulating Health Research Ethics in Labrador', *Études Inuit Studies*, 35(1/2), pp. 127-142.

Buchanan, D. et al. (2008) 'Assuring Adequate Protections in International Health Research: A Principled Justification and Practical Recommendations for the Role of Community Oversight', *Public Health Ethics*, 1(3), pp. 246-257.

del Campo, F.M. et al. (2013) 'The Development of the Bronx Community Research Review Board: A Pilot Feasibility Project for a Model of Community Consultation', *Progress in Community Health Partnerships*, 7(3), pp. 341-52.

Chambers, R. (1994). *Paradigm Shifts and the Practice of Participatory Research and Development*. Institute of Development Studies, Working Paper No. 2.

Cross, J.E., Pickering, K. and Hickey, M. (2015) 'Community-Based Participatory Research, Ethics, and Institutional Review Boards: Untying a Gordian Knot', *Critical Sociology*, 41(7-8), pp. 1007-1026.

Doerksen, E. et al. (2024) 'Community-Led Approaches to Research Governance: A Scoping Review of Strategies', *Research Ethics*, epub ahead of print, doi: 10.1177/17470161241269154.

Flicker, S. et al. (2007) 'Ethical Dilemmas in Community-Based Participatory Research: Recommendations for Institutional Review Boards', *Journal of Urban Health*, 84(4), pp. 478-93.

Glass, K.C. and Kaufert, J. (2007) 'Research Ethics Review and Aboriginal Community Values: Can the Two be Reconciled?', *Journal of Empirical Research on Human Research Ethics*, 2(2), pp. 25-40.

Key, K.D. (2017) 'Expanding Ethics Review Processes to Include Community-Level Protections: A Case Study from Flint, Michigan', *AMA Journal of Ethics*, 19(10), pp. 989-998.

Koen, J., Wassenaar, D., & Mamotte, N. (2017). 'The "Over-researched Community": An Ethics Analysis of Stakeholder Views at Two South African HIV Prevention Research Sites', *Social Science & Medicine*, 194, pp. 1-9.

Kwan, C. and Walsh, C.A. (2018) 'Ethical Issues in Conducting Community-Based Participatory Research: A Narrative Review of the Literature', *The Qualitative Report*, 23(2), pp. 369-386.

Shore, N. (2007) 'Community-Based Participatory Research and the Ethics Review Process', *Journal of Empirical Research on Human Research Ethics: An International Journal*, 2(1), pp. 31-41.

Shore, N. et al. (2011) 'Understanding Community-Based Processes for Research Ethics Review: A National Study', *American Journal of Public Health*, 101(S1), pp. S359-64.

Shore, N. et al. (2015) 'Community-Based Review of Research Across Diverse Community Contexts: Key Characteristics, Critical Issues, and Future Directions', *American Journal of Public Health*, 105(7), pp. 1294-1301.

Tapscott, R. and Machón, D.R. (2024) 'Procedural Ethics for Social Science Research: Introducing the Research Ethics Governance Dataset', *Journal of Peace Research*, epub ahead of print, doi: 10.1177/00223433241249352.

Konsènan pwojè SoCap

Wòl Kapital Sosyal nan Kontèks iben ki Frajil ak Afekte pa Konfli (SoCap) se yon pwojè rechèch ki dire twa ane, ki jwenn finansman nan men Irish Aid epi ki fèt an patenarya ak Concern Worldwide. Li analize de fason sistematik entèraksyon ki genyen ant kapital sosyal, rezilyans, anviwònman iben, ansanm ak sityasyon konfli ak frajilite pami popilasyon iben ki sou kote an Ayiti, nan Somali ak Somaliland

Rechèch sa a, ki itilize metòd melanje, vize konprann kijan mekanis ki fè kapital sosyal vin tounen rezilyans pou gwoup iben ki sou kote yo ap ankouraje oswa bloke, pou idantifye zouti pratik pou aktè operasyonèl ak politik yo.

Ekip rechèch la gen ladan Jessica Hsu ak Robillard Louino, Gwoup Konbit, Ayiti ; Manar Zaki ak Brenton Peterson, Consilient, Somali ak Somaliland ; Dr Kelsey Gleason, University of Vermont; Dr Ronak Patel, Nova Frontlines; ansanm ak Dr Caitriona Dowd ak Dr Kelsey Rhude, University College Dublin. Ekip la remèsye Jothsaina Pierre pou sèvis tradiksyon.

Lide yo, opinyon ak kòmantè ladan l yo se antyèman responsablite otè li yo epi yo pa nesèsman reprezante oswa reflekte politik Irish Aid.

Kijan pou site piblikasyon sa a:

Rhude, Kelsey, Jessica Hsu, Robillard Louino, Ronak Patel, Kelsey Gleason and Caitriona Dowd. (2025). *Community-Based Research Review Processes*. SoCap Research Brief, No. 2.

Pou plis enfòmasyon sou pwojè SoCap la, tanpri vizite
<https://www.concern.net/knowledge-hub>

